

Enfòmasyon enpòtan sou asirans medikal pou manm ki gen 65 an e ki pi gran



Ou gen pou w renouvle kouvèti asirans ou an ane sila.

Si w gen MassHealth, w ap gen pou w renouvle kouvèti asirans ou an ane sila.

Si w gen 65 an oubyen w pi gran, nou la pou n ede w! Pèsonèl k ap ede w ap **Malden Senior Center nan Jedi 9 Novanm** pou ede w ak renouvèlman an.

Pran yon randevou pou w jwenn èd la!

 **7 Washington St,
Malden, MA 02148**



**Rezèvasyon obligatwa –
rezève plas ou!**

**rele Mystic Valley Elder
Services nan: 781-324-7705,**

 **11/9/23, 9:00AM –3:00PM**


Kisa k ap fèt :

 Sesyon ant oumenm e yon pèsonèl soutyen

 Pou jwenn plis avantaj posib nan sesyon soutyen pèsonalize ou a, men ki **dokiman itil** pou pote avè w :

- ✓ Anvlòp ble a (si w genyen l)
- ✓ Pyès didantite
- ✓ Nimewo sekirite sosyal
- ✓ Prèv sou revni, byen, e asirans

*Siveye anvlòp ble
pou renouvèlman
MassHealth la*



Èske m ap toujou jwenn èd si m pa gen anvlòp ble an?

Wi! Si w pa gen anvlòp ble a, **n ap toujou ede w.** Pa egzanp, nou ka di w ki pwochen dat renouvèlman ou an oubyen verifye kowòdone ou yo kòrèk. Epitou ou ka chwazi renouvle admisibilite ou a bonè (anvan w resevwa anvlòp ble a).

Èske m ka vini ak yon fanmi pou ede w fè renouvèlman mwen an?

Wi! Nan evenman an, ou ka ranpli e siyen fòmilè otorizasyon pou pataj enfòmasyon (Permission to Share Information, PSI) oubyen Chwa yon reprezantan otorize (Authorized Representative Designation, ARD). Fòmilè sa yo pèmèt nou pataje enfòmasyon admisibilite ou yo avèk moun ki make sou fòmilè a (moun ki deziye a).

Si gen plis pase 12 mwa depi w te ranpli yon PSI, w ap gen alò pou w ranpli yon lòt. Si w pa ka vini nan evenman an, ou ka rele n nan (800) 841-2900 oubyen TDD / TTY : 711 avèk fanmi w oubyen zanmi w lan pou w bay yon PSI aloral.

Èske mwen ka toujou jwenn èd nan evenman an si m mande dat limit renouvèlman an e m pèdi kouvèti mwen an?

Wi! Ou gen 90 jou pou kominike avè n e retabli kouvèti ou a. Apre 90 jou, se pou w aplike ankò pou MassHealth. **Si w pèdi kouvèti ou a n ap ka ede w nan evenman an.** Si w pa ka vini, ou ka rele n tou nan (800) 841-2900, TDD / TTY : 711. An jeneral, manm ki gen plis pase 65 an ka mande pou twa mwa kouvèti retwo-aktif.

**Aji kounyela.
Kontinye gen kouvèti.**



Gade nan masshealthrenew.org
Sonnè (800) 841-2900
oubyen TDD / TTY : 711

